Bocah lugu kepara banget lucu, omonge cedhal lan angel dingerteni. Lusuh lan rambute rada gimbal. Senengane gedhag-gedheg karo ngguyu, lan sing mesthi ilere netes. Dering bocah-bocah kompleks kene asring dibeda, nanging ora nate nesu, apamaneh nangis. Mung ngguyu karo gedheg-gedheg, jawabane, "Oook...ak...aku...ha..ha". Asring nggawakake blanjane ibu-ibu yen mudhun saka becak utawa mobil. Seneng yen diwenehi panganan, emoh wujud dhuwit. Terkadang turune ing pos satpam utawa tritis swalayan kompleks. Kanggone petugas satpam, Wanto kuwi padha disayangi. Kaya kurang gawean bae ngurusi cah idiot, sing ora jelas asal usule.

"Jeng.... tulung paringana roti ing mejaku kae...iki Wanto mrene," aloke mas Nama sisihanku. Dheweke lagi ngumbah mobil, ditunggoni bocah idiot iku. Minggu esuk kuwi dheweke bakal ngajak aku tilik ibune ing perumahan sing madha kutha. Sabubare saka kana mengko sorene arep shopping ing mall anyar. Saka teras kuwi kanthi aras-arasen lan pasang ulat mencereng, aku njupukake roti sandwich sing dak cepakake. Jengkel lan serik aku marang tangkepe mas Narna.

Digawekake sandwich karemane lan kopi susu senengane, diemek bae durung. Eeee... malah diwenehake buris kuwi. Wanto nampani roti saka mas Narna, manthuk-manthuk karo muni: "Matulwun...ha..ha..ha." Coba priye?. Dhasar cah idiot ya tetep nggleges karo mangan roti kanthi nyamleng. Atiku kemropok.

"Mas.....mbok dikon ndang lunga ngono lho... gawe sepet mripat bae. Heeh kana lunga!" Aku ngusir Wanto



**P. WELUH**  
DENING BP. SOEDARSONO, SG

santak. Wanto keweden gedhag-gedheg nglungani. Tekan lawang pager dheweke noleh marang aku, ing sunar mripate ngemu tandha pitakon. Kenapa aku kasar lan ngusir dheweke. Mbuh ora urus, atiku buneg. Klepat aku ninggal teras mlebu ngomah karo nutup lawang sora. Mas Narna kaget ndeleng sikapku, nanging tetep ngrampungake anggane nyuci mobil. Ndilalah acara ing chanel TV ora ana sing apik, iku nurut pangrasaku. Mas Narna mlebu nyedhak lungguh ing jejerku, tangane arep ngrangkul pundhakku. Aku nggeser nginggati lan pasang ulat njegadul. Kanthi sabar dheweke ngerih-erih sambli ngrayu Nanging glibet tingkahe Wanto cah idiot iku nggubel ing mata, njalari sumpek.

"Jeng... mesthine sliramu kudu welas marang Wanto... coba ta bocah umur semono prasasat ora kopen. Kudune umure bocah sakpantaran sing isih aleman. Nanging kulawargane ora dunung, dadi kaya bocah dilelantarke. Uripe mung saka pawewehing liyan,

klebu awake dhewe iki. Rejeki sethithik bisa didum warata marang fakir miskin, antarane bocah kaya Wanto kuwi. Ora-orane yen rejeki dhewe tansaya kurang. Gusti Allah bakal maringi matikel marang kita, yen kita weweh kanthi ikhlas. Apamaneh sliramu wektu iki rak isih ngandheg enom. Ora apik yen nesunan; bisa berpengaruh marang perkembangan janin ing kandhutanmu." Akeh-akeh kaya ustadz sisihanku khotbah, nanging prasasat ora dak rewes. Aku kaya saya tambah gething marang Wanto; nyatane sisihanku malah mbelani... gombal tenan kok. Merga aku beka iku, acara Minggu iku gagal, aku unjuk rasa turu. Mas Narna tansah sabar nunggoni ing kamar, karo nyetel CD tembang kenangan.

Lebar prastawa dak usir iku, Wanto idiot ora nate katon ing kompleks iku. Mbuh menyang endi parane.

ora perlu ngurus. Para satpam, sawetara ibu-ibu lan bocah-bocah rumangsa kelangan. Wanto idiot sing lugu lucu kena kanggo hiburan kuwi, saiki wis ora ana. Ngilang kaya diuntal bumi. Digoleki ing papan-papan manggroke ora ketemu. Nanging atiku marem. rasa buneg lan senepku ilang. Panguripan lan kemesraan kulawargaku bali kaya sakawit. Tambah dina kandhutanku saya gedhe. Wancine ibu maratuwa ngadani acara "mitoni" ing ngomah iki. Bapak ibuku uga merlokake rawuh perlu nyekseni siraman kanggo calon putune. Gayeng kumpul sedulur berayat lan tangga teparo. Acara runtut dipandhu sesepuh, sing pancen banget nguwasani acara iki. Foto-foto kenangan pating jlepret saka kamera digital lan HP. Mengabadikan acara sakral dina iku. Acara sakral sepisanan tumrape kandhutanku sepisanan.

Sakeplasan dakdeleng kaya Wanto ngadeg ing lawang kamarku, nalikane aku dirias rampung siraman. Nanging bareng

daksetitekake lan daktututi, ilang ora ketemu. Malah dadi pitakonane ibu mertuwaku, nalika aku kaya wong bingung. Aneh... kok wani bocah idiot kuwi mlebu omah, nganti nyedhak lawang kamarku. Bareng daklari ngilang. Mlebu lan metu saka ngendi Wanto kuwi.

"Aaaah... iku halusinasimu bae jeng; wong bocah kuwi cetha wis ora ana, ing kompleks iki. Yen dietung malah wis ana nem wulanan... ora susah dipikir jero." Pangrimuk lan pambombonge sisihanku, nalika dakcritani kedadeyan sing nembe kelakon, Pancen bener... mbokmenawa aku mung ketok-ketoken bae. Sabenere ing telenging atiku ana rasa keduwung. Kenapa aku kok degsiya marang tita sing kudune diayomi. Degsiya tanpa tanja lan alasan sing gumathok. Ana rasa, ngganjel sing ora bisa dak sebut. Wewayangane Wanto ngglibet ing mata, kaya ana, tandha pitakon saka dheweke marang aku, nanging ora bisa dak jawab kanthi bares lan cetha. Jawaban lan pitakonan sing nggantung.

Papriksan dhokter spesialis kandhungan, nyatakake yen janinku sehat lan wis wancine nyedhak kelahiran. Nayogyakake supaya aku enggal mondhok ing ruwang rumahsakit bersalin. Ngawekani kahanan yen sawayah-wayah nglairake. Pancen rasane awakku lungkrah lan ing weteng bola-bali kenceng slemat-slemet tandha-tandha kelairan wis cedhak. Selaras karo pamundhute ibu marasepuh, aku mapan ing ruwang VVIP. Ora bebarengan karo pasien liya, dadi privacy lan pelayanan medise uwih manjila. Tur bisa ditunggoni kabeh kulawarga. Maklum bakal padha nunggu putu sepisanan. Mula persiapane mas Narna lan kulawarga banget migatekake.

Mlebu ruwang bersalin, saklebatan aku weruh Wanto idiot kaya ngadeg methukake ing ngarep lawang. Gedhag-gedheg lageyane, ngguyu karo ngiler. Atiku nratah kok bocah kuwi bisa tekan kene, sapa sing

ngeterake?!

Mokal yen mas Narna ngajak bocah kuwi, wong Wanto wis dianggep ilang tanpa lari. Wis mbuh lah, sing baku panuwunku marang Gusti Akarya Jagad, aku mengko nglairake tanpa ana alangan lan sambekala. Lan nyatane panyuwunanku mau dikabulake. Aku nglairake kanthi lancar, lan bayiku lanang lucu sehat. Bayi kasebut dipapanake ing box khusus, cedhak bed peturonku. Dene mas Narna bisa turonan ing sofa gedhe ing sebelah. Sore kuwi bapak ibu-ku lan maratuwaku sarimbit, ngancani aku nganti jam sanga wengi, banjur



"Dhuu Gusti...paringan lare kula mangke lair mboten cacat mental kados Wanto."

pamitan kondur. Kari aku lan mas Narna ker ijen nunggoni "baby" ing ruwang kuwi. Watara jam sepuluh mas Narna bola-bali angop, sajake sayah lan ngantuk. "Wis mas... panjenengan sare ing kono dhisik yen pancen wis ngantuk. Aku dak nonton TV ijen karo nunggoni kenang." Aturku marang mas Narna, dheweke manthuk banjur nggloso ing sofa. Let sedhela wis katon pules kebuncang impen. Lampu kamar dak pateni, dak ganti lampu tidur cedhak bed peturonku. Dak deleng bayiku ing box turune nglepus, dak arasi kanthi asih. Keturutan panuwune mas Narna, anak sepisanan lahir lanang. Aku mesem kalegan. Hawa AC nyebabake mripatku katut ngantuk.

Turon miring ngadhepi box bayi. Katon wewayangane Wanto ing njaba jendhela kaca sing ora ketutupan kordhen. Gedhag-gedheg karo ngguyu... aaah bocah iki maneh. Penasaran dak cedhaki jendhela kuwi. Dak ungaking njabasepi. Mung lampu taman madhang petamanan cilik asri. Ora katon gumlibete menungsa. Banjur kuwi mau sapa? Apa ya Wanto cah cilik idiot kuwi kluyuran tekan kene? Mokal... iki mung halusinasi pikiranku bae. Ora perlu dak pikir lan ora ana gunane mikir sing tanpa guna. Bocah kuwi wis ilang saka percaturan. Aku melu liyep-liyep krasa ngantuk. Ing antarane bawah sadar, Wanto bocah dekil idiot kuwi kaya teka nemoni aku. Lan anehe ing kono kanthi kebak rasa asih, dheweke dak gandheng, lan bisa ngundang "mama" marang aku. Senajan ora cetha, kanthi cedhal dheweke crita yen wis lunga adoh. Adoh banget ketemu sedulur-sedulure. Aku gragapan ngliir, thingak-thinguk. Sing ana mung mas Narna nglepus ing sofa, lan bayi anak lanangku ing sajroning box bayi sebelahku.

Dina-dina lumaku rancak. ora rinasa meh setaun umure anakku lanang si Pulanggana. Bocahhe lucu, lemu lan nggemesake. Saben sing nyawang mesthi kepengin nggendhong, merga bocahhe ora rewel lan seneng ngguyu alias sumeh. Lan saka iku rejekine mas Narna saya ndedel, lan hubungan kulawarga tambah harmonis. Bener kandhane mas Narna biyen, yen wewayangane Wanto bocah idiot biyen mung halusinasiku. Nyatane yen ora dipikir, nganti saiki ya ora dadi baya. Dhasare ya pancen bocah kleyang kabur kanginan, mbuh saiki manggon ing ngendi, wis ora kecatur. Nalika ing sawijining wengi omah lagi sepi nalika kuwi aku lagi nyusoni Pulanggana. Anakku wiwit sore tansah rewel, sok nangis kepiyer. Nganti mbok Pariyah



makam raja-raja Imogiri.

Dinas Pariwisata Kabupaten Bantul minangka penyandang dana diwenehi tugas masrahake Siwur marang abdi dalem Surakarta lan Jogjakarta kang nduweni tugas nguras Enceh (Genthong). Gunung Polowijo dadi rayahan masarakat kang ngantu-antu, golek berkah saka gunung.


### Upacara Nguras Enceh (Genthong)

Upacara nguras Enceh kang mapan'ing kompleks bangsal Sapit Urang wis lumaku wiwit jaman Sultan Agung Hanyakrakusuma. Enceh mau cacahé ana 4 lan nduweni jeneng "Nyai Danumurti, Kyai Danumaya, Kyai Mendhung lan Kyai Siem. Rikala jaman Sultan Agung Enceh mau kanggo wadah banyu kanggo wudlu, mangkono keterangane Sugiyo abdi dalem Puroloyo marang DL. Sadurunge nguras luwih dhisik diwiwiti kanthi panuwunan bekti tahlil, kang katindakake para abdi dalem Surakarta lan Jogjakarta, kanthi srana sesaji komplit. Dene donga mau nduweni tujuan kanggo nyuwunake pangapura rikala sugenge kang sumare ing hastono makam raja raja Imogiri, tansah pinaringan margi ingkang fajar lan sukmane tinampi ing ngarsane pangeran, lan sukmane kapapana ana swarga loka dene ingkang tinilar

ing alam projo ISKS Hamengku Buwono X lan ISKS Paku Buwono XIII bisa nerusake perjuangan para leluhur, semono uga para pemimpin NKRI bisa nindakake tugas kanthi adil para marta tumuju masarakat adil lan makmur. Pangurasing Enceh kawiwitan saka wetan lagi mangulon. Sawise Enceh dikuras para peziarah padha rebut ducung njaluk banyu. Para peziarah uga golek berkah kanthi melu ngisi Enceh bantu para abdi dalem. Masarakat isih nduweni kepercayaan yen banyu Enceh kang nduweni

daya linuwih. Ana peziarah kang raup banyu luberan saka Enceh, ana sing njaluk terus diombe ana kang nglumpukake kembang kang kanggo upacara ritual.

Katon ing lokasi nguras Enceh para petugas Kepolisian Imogiri lan Koramil mbantu ngatur para peziarah kang mlebu lan metu. Rombongan saka Jakarta kang jumlahé patang bis melu ziarah, uga katon rombongan saka Surabaya, Magelang katitik saka kendharaan sing diparkir ing terminal wisata Pajimatan. [NHD/DL]



Upacara ngarak siwur. (Foto: Nhd/DL)

### Piweleh . . . Sambunge kaca 21

pembantuku melu bingung. Mas Narna dhewe lagi tugas luwar kota. Mbokmenawa kekeselen anggane rewel lan nangis, dak susoni lagi gelem turu.

Lamat-lamat aku krungu swara ngguyu lirih lan bekuh-bekuh. Setengah ngliyep aku ndeleng ing lawang kamarku. Wanto mandeng aku karo ngguyu gedhag-gedheg. Lageyane bocah idiot kuwi... Nanging kuwi mung sedhela, banjur ilang saka pandulu. Dak golek mbung kiter ruwangan ora ketemu... aah bali mung halusinasi maneh. Wis ora perlu dak pikir, senajan ing telenging atiku tuwuh tandha pitakonan. Ngancik umur setaun luwih sethithik, sawise Pulanggana ulang taun sepisanan.

Lageyane anakku lanang sajak ngowah-owahi, ana sing beda. Kerep ndhengklak lan gedhag-gedheg ngiler. Atiku ngedhap krasa ora kepenak, daktorak-tarik lan ngulur karo kahanan sing kawuri. Aku niteni yen lageyan kuwi lageyane Wanto bocah idiot, Wanto sing biyen dak sengiti. Senajan bocah kuwi lugu ora naté ngganggu gawe, nanging wektu semana aku banget sengit. Apa kuwi gawane nalika aku ngandheg biyen? Aaaah apa ya bener?

Pulanggana tuwuh saya gedhe, senajan sempurna lan sehat awake, nanging ana sing kurang lan cacate. Dheweke mung bisa ngomong ing "kosa kata" terbatas, sak orane kanggo bocah-bocah sapantarane. Yen ndeleng kahanan kaya kuwi atiku sumendhal, rasane lara lan keduwung. Anakku lanang

sepisanan nandhang keanehan. Aku lan mas Narna tansah mbudidaya sarana medis, mungguh kanggo kasarane anakku. Marang ibuku lan mara tuwaku, aku ora wani blaka prastawa kawuri, mundhak malah aku didukani. Mas Narna ing wanci-wanci tinamtu, katon eluhe tumetes yen lagi nggendhong Pulanggana. Atiku luwih perih kaya direrujit, rasa gela lan keduwung. Kepengin rasane nggoleki ing ngendi papane Wanto bocah idiot kuwi. Aku kepengin nyuntakake rasa gela lan njaluk pangapurane sing tulus. Nanging dheweke saiki ing ngendi? Lan apa iki minangka "piweleh karma" saka Kang Maha Kuwasa. 11

36 Gusti mug i kersa Andika paring pangapuntan lan palimirma kalihan kula. Dhuh Gusti..... 31

Meneng asline Wulan Setyo Rini, kawentare Rini. Omahe grumbul Ceger, desa Linggasari, tunggal sakecamatan karo omahku desa Bakung. Aku kenal durung suwe, durung ana setengah taun. Wiwitane kenal lagi ana daleme Pak Sinam, Lurah Linggasari. Wektu semono Pak Lurah lagi kagungan kersa mantu, nanggap campur sari penyanyine Wulan Setyo Rini. Aku melu dadi sinoman, sisan ngancani Ardi manten kakunge.

"Mangga-mangga para rawuh sinten ingkang badhe nyumbang swanten emasipun, ngrencangi kula badhe nyanyi Yen Ing Tawang Ana Lintang," ngono Rini nawani para tamu supaya munggah panggung. Ardi manten kakunge sing lagi jejer karo Anti manten putrine kok banjur menyat lan nyedhaki Rini, mbuh bisik-bisik ngomong apa aku ora ngerti.

"Nggih, kula aturi sinoman Mas Bagus Johan, awit saking pamundhutipun manten kakung, kula aturi minggah panggung dhuwet, ngancani kula nyanyi yen Ing Tawang," aku kaget jenengku kok diundang, maune aku arep suwala, nanging kelingan Ardi iki kanca raket, kanca dosen ana ing UMD mula pangajake Rini dakanthuki. Nalika aku munggah panggung kairingan keplok kang mbata rubuh, malah ana sing suit-suit.

"Mangga musikkkk tarik, dadi...." ngono Rini aba menyang Grup Campursari Edan Raras saka Linggasari. Rini luthak-luthik pundhakku.

"Mangga Mas Bagus dipun ayali," kanthi esem kang ngujiwat Rini aba supaya aku nyanyi dhisik.

"Yen ing tawang ana lintang cah ayu, aku ngenteni tekamu.....," keplok mbata rubuh maneh nalika aku karo Rini rampung nyanyi lagu mau. Sajrone nyanyi driji kanan keringi Rini sing mucuk eri asring luthak luthik marang pundhakku. Sanehe saben aku diluthik kok aku krasa gumeter, ana rasa seje. Apamaneh yen nyawang Rini dina iku nganggo nyamping paang rusak latar putih, ndhuwurane brukat

kuning, gelunge gedhe, ndadekake tambah ayu, raine dibedhaki putih maya-maya, lambene dibenges jambon nom. Lambene mesamesem yen nyawang aku, aku dadi ngrasa piye. Mangka biasane yen aku nyawang wong ayu, apa iku

dulat-dulit, pundhakku lan olehe mepetake anggane sing kaya gitar spanyol iku menyang awakku. Nembé bar subuh aku bisa ngliye, ora eram yen dina iku aku ora bisa menyang kampus. Bareng aku tangi jam 2 awan HP ku akeh miscalle saka pegawai TU lan uga mahasiswa.

\*\*\*

"Halo, halo saged pinanggih Pak Dosen Johan?" HP dak angkat, ora lidhok iki swarane Rini.

"Nggih kula piyambak..... dospundi nggih?"

"Alah, mboten mawi krama, tiyang kula namung penyanyi ndhusun, Mas Johan dosen," swarane Rini kenes sajak piye.

"Mboten ngaten Bul!"

"Ayo, nimbali Ibu apa aku wis patut Ibu-ibu?"

"Lo, aku supaya matur apa, manggil apa cah ayu?"

"Lah, ngono...seneng yen disebut cah ayu.....apa aku ayu masssss?" Sidane malem Minggu iku aku ngeterke nyanyi ana ing salah sijine hotel kelas melathi kotak. Untung wae malem Minggu

iku aku ora ana acara, lah upamane anaa, aku mesthi milih ngeterke Rini, sapa wonge sing nolak dikon ngeterke wong ayu? Ngono batinku kandha dhewe.

"Anu, Mas Johan, mengko dhuwet maneh yo?"

"Pihak hotel dhawuh, ngontak, aku supaya nembang Sinom Parijotho, rak Mas Johan isa to?"

"Wah, wah .....yen isane isa, ning kok ndadak ngene, ndadak banget.....?"

"Rak ora apa-apa to, rak dhemi aku, sing cah ayu sing kok enteni, kaya ature njenengan lagi nyanyi Yen Ing Tawang Ana Lintang kae?" Krungu ngono aku njur kudu ngomong apa? Wong ana ing tembang kok dianggep tenanan, nyatane aku uga ngakoni yen tenan ngono. Atiku wis poyang-payingan ngrasakake getering ati, awit saka nyanyi bareng karo Rini.

"Ngene ae wong ayu sing nembang nganggo cakepan Sinom Parijotho riptane Amengkunegoro III, aku sing nembang nganggo



kanca dosen apa mahasiswa ora ana rasa kang mengkono.

Ing dina pahargyan, resepsi mantene Ardi karo Anti akeh tamu kang padha mulih ndhisiki, aku dhewe ditahan dening Ardi supaya kena mulih yen panggung wis bubar. Kaya kebo ompong aku mung manut wae, jam 3 sore panggung nembé bubar.

"Han, aku njaluk tulung Rini terke mulih nyang Ceger, jare Grup Campursari Edan Raras arep manggung maneh ana desa wetan kono, ning Rini ora melu jare sayah, mobil sing nggawa Rini arep dinggo njujukake alat musikke, gelem ya Han, mosok aku manten anyar dikon jujuk, nek Johan kan isih legan, sapa ngerti Han,....." Ardi mesem ora nerusake critane. Rindhik asu digitik sore iku aku mboncengake "artis" Rini menyang omahe. Edan jan edan sawengi muput, mripat iki ora bisa dakrem-remake, mung tansah kelingan solah bawane Rini nalika ana ing panggung, sing luwih krasa nalika luthak-luthik,



cakepane CD ne Wulan penyiar RRI Solo," nyatane Rini sanggup.

"Nuladha laku utama  
Tumrape wong tanah Jawi

...  
Amamangun karyengnaking  
sasama

Keplok mbata rubuh sawise Rini nembang, Rini banjur aba tukang orgen supaya ngiringi aku nyanyi Sinom Parijotho cakepane Wulan.

*Memanisme angujiwat  
Agawe rujiting galih  
Cara apa kang sinedya  
Upama mundhuta rukmi  
Tartamtu dakturuti  
Upama numpak prau  
Lumampah tanpa welah  
Ing madyaning jalanidhi  
Taman nggonjing aginjong ing  
pagulingan*

Jam 10 bengi aku karo Rini

rampung nyanyi, mulihe njugake maneh tekan ngomahe. Nalika ana ing mobil Rini crita-crita warna-warna, jare ora isin isin blaka suta yen atine wis ketarik awakku. Rini yakin aku nanggapi, nanging yen ora nanggapi ora apa-apa, rasa kuciwa ana, sing penting wis ngetokake prentuling ati kang paling njero.

"Tenan mas, atiku wis kapilut awakmu, aku rila yen panjenengan ora nanggapi, wis plong, ing kalodhangan iki aku kongang ngomong, pirang-pirang priya sing kongang kagendheng awakku, nanging durung ana sing daktanggapi. Bareng aku nyanyi bareng karo sampeyan, Mas Johan aku dadi edan, edan poyang-payingan, piye masss, piye mass?"

Awakku sing lagi nyetir mobil dirangkul, mripate sing lindri-lindri nrocos kebak eluh. Nyawang tajem marang mripatku sing tansah ngematake dalan. Tekan omahe Rini wis ngliwati lingsir wengi.<sup>14</sup>

\*\*\*


"Para wisudawan dimohon berdiri dan berjalan satu-satu naik ke panggung untuk diwisuda Rektor, serta mendapat ucapan

selamat dari para dosen." Aku mbenakake klambi sarta topi togaku sing kabeh warna ireng.<sup>24</sup> Kejaba garis-garis krag sing warna-warna, menawa wisudawan D3 garise kragge sliwir putih, S1 sliwir kuning,<sup>25</sup> S2 sliwir abang, S3 sliwir biru. Aku dhewe nganggo klambi ireng kragge sliwir biru S3. Mbaka siji Rektor nylewerake tali toga wisudawan sing nglembreh nengen dadi nglembreh ngiwa.

Sadurunge tekan panggung para wisudawan kudu ngliwati atusan undhangan sing padha lungguh ngebaki Balairung. Nalika aku nyilnguk manengen Rini ngawe-awe sarta ngacungi jempol marang aku. Medhodhog atiku wisudane S3 disekseni wanita sing kinasih Wulan Setyo Rini.

"Lindhu-lindhu...lindhuuuuu!!!

"Mas jare arep siram, iki banyune anget wis dakcawisake, mengko selak anyes."



"Lindhu-lindhu...lindhuuuuu!!!  
Swara iku dakrungu maune lamat-lamat, pungkasane krungu cetha. Nembe wae yen ana lindhu, ana swara makreg, kreket, kreket, banjur makbregg. Aku grayang-grayang kanan kering, nggoleki Rini sing mau bengi turu bareng karo aku, kok ora ana?

"Dhiajeng-dhiajeng, dhiajeng Rini!!!!" Durung oleh wangsulan

rumangsaku ana barang atos kang tiba ing anggaku, abot, abot, abot banget, tanganku, sikilku, awakku, kabeh dakobahake, maune sithik-sithik bisa, suwe-suwe tenagaku entek, banjur tulunggggggg!!!! Bar iku bumi iki katone mubang-mubeng, munyar-munyer banjur, kuning biru, kuning biru,<sup>26</sup> mak lessss. Mbuh apa maneh, ngerti-ngerti nalika mripatku taklekake, awakku lara kabeh, tanganku kanan wis diinfus, sirahku diperban.

"Dhiajeng-dhiajeng, dhiajeng Rini!!!!"

"Mbak Rini wonten kamar sanes Mas Johan!!!!"

Swara wanita nganggo seragam putih-putih, juru rawat sing ngrumat aku. Saka juru rawat iku aku oleh crita yen mau bengi ana lindhu, desa Ceger lan kabeh desa desa ing Kecamatan Kembaran dadi korbane lindhu 7,3 SR. Omahe Wulan Setya Rini remuk, jasadé Rini lan jasadku ditemokake SAR sangsore tembok-tembok omah sing remuk, Rini ditemokake wis ora ana ambegane, aku jare isih kempas-kempis, mula digawa menyang rumah sakit, dhiajeng Rini langsung menyang kamar mayat.


"Panjenengan sinten dhik?"

"Kula Kartika Setya Rini, kanca sekolah wonten SPK kalih Wulan Setya Rini, kula ngantos tamat, Wulan medal amargi milih profesi penyanyi?" Solah bawane Kartika karo Wulan ya jeng Rini iku meh padha, bedane Kartika bisa nyuntik bareng Wulan Setya Rini bisa nembang Sinom Parijotho.

\*\*\*

"Mas jare arep siram, iki banyune anget wis dakcawisake, mengko selak anyes." Ngono ajake Kartika Setya Rini, bojoku, sajam sawise mulih wisuda S3ku ana ing Balairung.

"Walahhhh, walahh mas iki yen wis lagi nyetel CD Sinom Parijotho wis ora kena diganggu.....wis kono dimidhagetke Sinom Parijothomu mas nganti tapis.."



Minggu awan ing pungkasaning sasi Oktober 2010, saka sajeroné teras katon tetesing udan kang nggrejèh sanajan ora deres. Tanpa ukara kang kumecap saka wanita loro kang padha lungguh ing teras kuwi, kaya ana bab kang siningid antarane Tita lan Nining. Tita minangka kang duwe omah, ora wani arep nguncalake pitakon sanajan Nining kuwi kanca rakete, bola-bali Tita mung bisa nawakake teh panas karo camilan kang wis cumawis. Nanging ujug-ujug Nining setengah ngudarasa kandha:

"Udane ora gelem mandheg, persis kaya tangis ing atiku kang ora tau gelem leren. Aku kepengin nyimpen kabeh lelakon paitku, nanging aku ora kuwawa. Mbak Tita, aku jaluk wektumu, tulung rungokke, aku mung kepengin nyuntak isine atiku kang sasuwene iki ngeboti dhadhaku," ukara dawa kuwi mecah kahanan kang sepi.

"Rasah sungkan Ning, kowe wis tak anggep adhiku dhewe kok. Crita wae bebas neng ken?, aja pekewuh. Mbokmenawa aku bisa mbiyantu ngudhari masalahmu, nanging samampuku lho," Tita menehi wangsulan karo nyawang Nining kang kaya abot banget nyangga masalah sing diadhepi.

Nining kang pancen klebu kembang desa kuwi dadi inceran para priya, ana Burhan, Anto, Herman, Lukito kang kabeh mau kepengin dadi pacare Nining.

Sing jenenge jodho, pati, rejeki kuwi wis ginaris saka Gusti Kang Murbeng Dumadi, manungsa mung sadarma nglakoni. Nanging manungsa wajib kupiya, usaha, ihtiyar kanggo mujudake gegayuhane.

Mbok Ranu, wongtuwane Nining kang wis randha kuwi duwe pangajab ing mengkone anake wadon bisa antuk jodho priya kang wis mapan, duwe gaweyan gumathok, duwe omah, duwe kendharaan supaya anake ora urip rekasa. "Ndhuuk, simbok ora kepengin jenengmu dadi kembang lambe ing desa Karangbolong kene, apamanèh kowe seneng rentang-renteng, gonta-ganti priya kaya ngono, simbok isin Ning?" Nining nirokake ngendikane mbok Ranu kang wola-wali diucapke nganti gawe stress Nining.

"Lho, simbok kuwi bener dhik Ning. Kersane simbok supaya statusmu cetha, kowe kuwi pacare sapa," panyelane Tita kang ditandhesake marang Nining. Nanging Tita malah disalahake jalaran wis sepaham karo mbok Ranu.

Nining meneng karo raine kaya wong kang lagi

<sup>18</sup> meres pikire tenanan. Mingset lungguhe banjur bukak tas jupuk saputangan kanggo ngelap raine kang ora kringeten.

"Mbak Tita, kabeh priya kang caket karo aku kuwi mung sebatas kanca wae kok. Aku ora nate tumindak aneh-aneh, nanging aku jujur sejatine atiku wis tak pasrahake marang priya kang jenenge Anto. Aku lan Anto wis janji bakal mungkasi sesambungan iki kanthi ningkah resmi, ora mung pacaran terus," pratelane Nining serius marang Tita.

"Aja dipunggel critaku mbak, sesambungan kang wis serius iki banjur ndakterusake rembugan wong loro antarane aku lan Anto, maksudku yen kabeh wis siap mengko Anto nembung simbok lan sedulurku. Aku duwe tabungan cukup yen kanggo persiapan ningkah, nanging malah Anto jaluk digolekke papan kost supaya bisa cedhak papanku nyambutgawe, sawise antuk papan kost banjur jaluk bukak lesehan, kabeh dakturuti jalaran aku percaya yen Anto kuwi bakal bojoku. Apa kang dijaluk wis keturutan, persiapan ningkah wis cumawis, tukang rias wis ndak bayar separo, tendha, meja kursi, lan undangan wis siap...," Nining mandheg ora nerusake critane nanging dheweke nyawang Tita kanthi panyawang suwung.



*Dheweke nglabrak aku entek amek kurang golek, aku dituding-tuding wis ngrebut bojone, lan dipisuhi-pisuhi nganggo ukara-ukara kasar kang nglarani ati.*

"Ana apa dhik Ning, kok critane mandheg? Anto jaluk pamaneh? Apa ana perkara kang luwih abot sawise kabeh panjaluke kok turuti?" Tita kepengin ngerti luwih akeh maneh bab sesambungane Nining lan Anto. Nining ora wangsulan nanging malah crita bab seje nanging pancen magepokan karo Anto.

"Aku ora ngira babar pisan mbak, tanpa ana ba..bi..bu..aku ditemoni wong wadon kang lagi meteng tuwa ngaku jenenge Siti. Dheweke nglabrak aku entek amek kurang golek, aku dituding-tuding wis ngrebut bojone, lan dipisuhi nganggo ukara-ukara kasar kang nglarani ati. Sawise ndaktlusur pranyata Siti kuwi bojone Anto kang ditinggal ing Boyongrejo. Anto kang ngaku isih bujang kuwi pranyata wis duwe anak bojo," Nining blaka bab lelakon pait kang lagi diadhepi.

"Sabar ya dhik Ning, sapa gawe bakal nganggo. Aku percaya kowe kuwat ngadhepi lelakon iki. <sup>32</sup> Gusti bakal paring bebungah kang luwih, saiki kabeh diiklaske, Anto pancen durung jodhomu. Luwih becik kebukak saiki tinimbang wis kebacut kelakon, kedadeyane bakal luwih gawe lara lan nelangsa, sabar ya dhik?" panglipure Tita marang Nining.

"Katresnan kang dakanggep suci lan tulus, jebul kebak apus-apus. Mbak Tita, aku wis kapusan, kapusan atiku, kapusan bandhaku, kapusan 'harga dhiriku', aku isin banget marang simbol lan keluargaku, aku kudu batalke tukang rasku, kudu batalke tendha, meja kursi lan catering sing wis takpesen, aku wis ora duwe rai neng keluargaku, aku kudu piye ya mbak?" suwarane Nining angluh kelangan bebayu lan kelangan semangat urip.

Tita lan Nining ora kuwawa ngucap, kahanan kang diadhepi Nining pancen abot lan kudu dadi sandhangan tumrap uripe. Ora ngira yen katresnan kang digayuh jebul gawe wirang, ora mung Nining kang wirang nanging keluarga melu nyangga rasa wirang mau.

Nining kepengin ngubur kabeh lelakon pait mau, lan ora kepengin kapusan... wis cukup sepisan kuwi kapusan kanggo kang pungkasan.

Sieman, 24 Oktober 2010

### **Polahe .... Sambung kaca 19**

"Sinten Pak? Parjo Gendut?" Raras cingak, awit nalika kuwi dheweke nate dolan menyang Manyaran karo Nimas, Anggara lan Aprianto, menyang omahe Parjo Gendut. Parjo Gendut kuwi apa dudu bapake Aprianto?

"Iya. Ana apa, Ndhuk?" Madya Sugihartono genti takon.

Raras banjur crita nalika dheweke dolan menyang omahe Aprianto. Madya Sugihartono krasa seneng, pranyata anake wadon kuwi wis tepung karo anake Parjo Gendut. Nanging Raras isih durung percaya, mula dheweke enggal telpun Aprianto. Raras katon seneng, pranyata bener, Aprianto kuwi anake Parjo Gendut mitrane Madya Sugihartono. Aprianto kandha menawa bakal mara menyang rumah sakit.

"Kula nuwun."

"Mangga..., walah ana tamu.... Mangga-mangga. Pak, iki Nak Anggara lan kulawargane padha tindak mrene." Tembunge Mintarsih.

Mintarsih lan Raras nyalami Anggara, Bu Winarni lan Nimas. Upama praupane Madya Sugihartono ora diperban kabeh, mbokmenawa Bu Winarni bakal ngerti menawa kuwi mitrane Siman Harjolukito, bojone Bu Winarni. Ora suwe Aprianto teka uga ing papan kuwi.

Madya Sugihartono njaluk tulung marang Aprianto supaya ngrewangi nggoleki kulawargane Siman Harjo Lukito. Aprianto kaget.

"Gusti punika pancen Maha Agung, sedaya badhe dipun dadosaken endah menawi sampun

wancinipun." Tembunge Aprianto.

Aprianto banjur njlentrehake, menawa kulawargane Siman Harjolukito saiki wis ana kono kabeh. Bu Winarni kuwi garwane Siman Harjolukito, Anggara lan Nimas kuwi anak-anake Siman Harjolukito.

Sanalika Madya Sugihartono nangis ngguguk kaya bocah cilik, pangrasane banget ketotog, nanging uga muji syukur marang Gusti.

Liyane ora kumecap. Kaya-kaya ora precaya marang lelakon kang dialami. Mintarsih nyoba ngarih-arh bojone.

Sawise rada aring, Madya Sugihartono kandha marang kabeh kang ana kono, menawa bakal ngrengkuh Anggara, Nimas lan uga Aprianto kaya dene ngrengkuh Raras, anake Madya Sugihartono. Kabeh nyarujuki.

"Kepareng matur, Pak. Mas Anggara boten purun dados putra penjenengan." Nimas gawe kabeh sing ana kono cingak.

"Purunipun menawi dipun dadosaken mantu..., hehehe..." Tembunge Nimas sing pungkasan ndadekake kabeh ngguyu kebak kabagyan.

Kasunyatan sing dumadi pranyata luwih endah. Kabagyan bisa dirasa ana ngendi-endi panggonan kanthi laku sing ora bisa dinalar dening pikirane manungsa, Gusti pancen Mahak Kuwasa.

Lelakon teruse, Anggara Bayu Sakti dadi bojone Raras Pamulatsih. Rong taun sabanjure, Nimas Lintang Kinasih dilamar dening Aprianto. Kulawargane Siman Harjolukito, Parjo Gendut, lan Madya Sugihartono bisa nyawiji kanthi kebak kabagyan. Cuthel.



#### **PENYEMBUHAN**

- TANPA OBAT
- TANPA JAMU
- BUKAN MEJIK

Alamat di Yogyakarta:  
Jl. Sugeng Jeroni No. 6  
Yogyakarta  
telp. 08139396303

**SAKSIKAN DIALOG INTERAKTIF ATFG-8  
TIAP SABTU PUKUL 10.00 - 11.00 WIB DI TVRI JAKARTA.**

DAERAH JAWA TENGAH, JAWA TIMUR, & YOGYAKARTA

Purwokerto 0281-7633332, Cilacap 0282-541568, Gombong 0287-6582926, Klaten 0272-3123082, Solo 0271-713550, Salatiga 0298-324447, Semarang 024-3549189, Kudus 0291-5711611, Tegal 0283-355132, Pekalongan 0285-8184947, Magelang 0293-5807542, Cepu 0296-5100616, Yogyakarta 0274-488542/0274-381553, Kalurahan 0274-8310188, Kota Gede 0274-6942323, Wates 0274-6630873.



Sing jenenge dadi randha, neng ndi wae, kapan wae, lan kepiye wae tansah dadi kembang lambe. Ngone salah ngono luput. Rikalane lagi mangsuk angin, arep njaluk tulung tangga wis dicubriyani sing ora-ora. Kaya kahanane Bu Sumirah, kanca nunggal kantor, malah nunggal ruwang karo aku.

Daksebut Randha Kemping, kaya unine cakapan tembange Manthous, Bu Sum dadi randha merga kakunge mati kacilakan lalu lintas. Anggone krama durung entuk setaun, durung diparingi momongan, kakunge wis ndhisiki tinimbalan ing pangayunan dalem Gusti. Ayune, wis ra perlu dakaturake, cekake bisa dipertanggungjawabkan.

Saploke dadi randha, menyang mulih kantor tansah boncengan karo aku. Kuwi ora mokal merga aku mesthi ngliwati dalan ngarep omahe. Dakakoni kanthi jujur, merga watakku sing rada thukmis aku ngesir Bu Sum. E.. lha kok paribasan gayung bersambut. Aku menaklumi merga jejere randha isih mudha wis setaun ora kambah, cara wong urip ngono istilahe Bu Sum nge-lak.

Sakawit mung daksenbranani, suwening suwe ... embuh wis tekan ngendi lan ping pira aku lan Bu Sum slingkuh. Niru bahasane cah enom saiki, jare slingkuh kuwi selingan indah keluarga tetep wutuh.

Sawijining dina Sebtu, bubarane kantor.

"Jeng Sum selak kesusu kondur pa ora?"

"Piye, ana kersa apa, Mas?" Bu Sum genti takon.

"Anu, nek ra ana acara arep dakjak neng Bethesdha..."

"Tilik sapa? Sapa sing gerah, Mas? Mbakyu, pa?" pitakone notol.


"O ... ora, jeng. Anu ... arep dakjak ngicipi gadho-gadho neng parkiran RS Bethesdha. Ueenak tenan lho Jeng," semaurku rada ragu-ragu, kuwatir yen pangajakku ditampik.

Jeng Sum gumuyu. "Lha gene ki ming arep nraktir, kok ndadak dikalang-kalang ngendikane ta Mas, Mas. Lha ya sanggup wae ta. Dhasar

kuwi makanan favoritku je."

Neng dalan, e ... begjane awakku, ora kaya padatan. Olehe mbonceng saiki Bu Sum wis wani ngrangkul wetengku.

Tekan warung sing dakkarepake,



DENING CANTRIK CODHE

Bu Sum dakjak lungguh neng papan sing rada mojak. Pamrihku yen karo rembugan sing sipati nyrempet-nyrempet bahaya, aja nganti dirungu wong jajan liyane.

Aku marani Pak Marto bakule. "Loro sing estimewa ya pak!" Bacute, aku njaluk pambijine Pak Marto, "Piye, sip pa ra Pak?" Aku pamer, semu kemaki.

"Wah, lha boten ming sip nek nika. Mesthi maremke. Nek gadho-gadho ngoten rasane mesthi mak nyus"

"Kaya gadho-gadhomu ya Pak" Aku lan Pak Marto gumuyu bareng.

Nalika lagi ngrahapi gadho-gadho sinambi glenak-glenik dumadakan, maktratab. Rian anakku lanang sing lagi klas loro SMP marani aku: "Pak, kula ..."

Durung nganti nembung, aku wis ngerti karepe anakku, njaluk dhuwit. Rian dakulungi puluhan ewon salembur. Welingku bisik-bisik: "Ra sah matur ibu lho Le!"

"Beres pun Pak!"

Rian banjur ngadoh merga dheweke arep jajan bakso karo kanca-kancane.

"Piye Mas nek diaturke Mbakyu?" Jebul Bu Sum wis ngerti menawa Rian kuwi anakku.

"Beres. Jeng Sum mau rak ya mireng ta tembung anakku? Beres?" aku ngayem-yemi.

"Jagung bakarane lho Mas!" Kandhane Bu Sum njaluk tanggungjawabku.

"Ora mung jagunge, yen perlu sajanggal-janggele, Jeng!"

Dina Minggu, esuke. Aku lagi nglaras gendhing-gendhing Jawa saka radhio, neng kamarku. Sisihanku, ibune Rian ujug-ujug nglabrak aku, "Mas, neng kacu iki lipstick karo klepretan bumbu kacang duweke sapa? Sapa sing penjenengan jak ngiras gadho-gadho neng Bethesdha wingi? Apa randha sing omahe pojok dalan mlebu kampung kana kae?" Suwarane sisihanku nggrontol wutah. Aku dhewe njur klabakan. Ning aku ya mung trima meneng. Pangudarasaku, "Karang bocah, wis diweling-weling supaya aja matur ibune, ya tetep wae lapuran yen aku

jajan karo wong wedok liya. Karo meneh, paribasan wong nyimpen bathang, suwening suwe ya mesthi mambu."

Tanpa sapangertenku, ngerti-ngerti sisihanku wis ngeslah pit montor bablas nglabrak Bu Sum. Esuke neng kantor Bu Sum aweh laporan marang aku.

Semaurku marang sisihanku: "Aku kapok. Njaluk pangapuramu ya bunel!"

Ning kapokku ya mung kapok lombok. Sakkale krasa pedhes. Sesuk takbaleni meneh. Kepara sesambunganku karo Bu Sum sansaya adoh. Aku sakloron wis kekipu neng palendhutan.

Esuk, sadurunge budhal menyang nggawean. Kaya padatan sawise ngentekke kopiku, aku pamitan marang sisihanku: "Bu, aku mengko mulihe sore merga neng kantor ana rapat ngiras-ngirus arisan". Sisihanku ya mung wangsulan, "Yoh."

Awan wayahe kantor wis budhal-

an, jebul sisihanku ngecek aku menyang kantor. Sing nemoni Pak Jono, satpam kantor.

"O dados dinten menika boten wonten arisan utawi rapat kantor, nggih Pak?"

"Inggih, boten wonten. Lha menapa bapak kala wau enjing pamit dhateng ibu, bilih wonten rapat lan arisan, ngaten?"

Salahku. Mburu seneng, lena ing kaprayitnan. Lha kok aku ya ra ngethik Pak Jono satpam.

Bubar magrib aku lagi tekan ngomah. Sisihanku sing pawakane semok, gagah, dhasare ya tilas atlit silat nalika isih sekolah biyen, wis malang kerik neng ngarep lawang methukke tekaku.

"Kok nganti yahmene gek kondur le rapat karo arisan neng ngendi ta Mas?"

Aku ora ngira menawa sisihanku mau awan wis ngecek neng kantor kaya kang dakaturke ing ngarep. Mula wangsulanku dal-gawe etel: "Lha mau esuk aku rak ya wis pamit ta bune."

"Lha iya ning le rapat neng ndi, karo sapa, rapat apa, arisan apa?" Raine sisihanku wis wiwit mangar-mangar.

"A ... a ... anu, lha wong ya rapat tenan, arisan tenan, neng Kaliurang kok maido," wangsulanku. Aku tetep kumbi.


Sawise sisihanku nyritakke menawa mau awan ngecek neng kantor, entuk katrangan saka Pak Jono satpam, aku ora isa berkulit. Aku nyerah kalah. Lan meneh, isaku mung njaluk ngapura karo sambat kapok. Let sesasi. Aku dipindhah neng kantor cabang. Aku ora ngerti jalarane. "Pak Yadi, perkara mutasi kuwi mujudake perkara kang lumrah. Dadi daksuwun, Pak Yadi ora

perlu menggali werna-werna. Malah miturut pamawasku wong kang pas kanggo meningkatkan mutu pelayanan masarakat neng kantor cabang kang cocog ya mung Pak Yadi," ngono pangandikane Pak Sindu bosku kebak kawicaksanan lan kawibawan.

Aku ya ora duwe pikiran neka-neka. Mung wae saiki aku ora isa cecaketan, apa meneh kangsenan karo Bu Sum. Saben aku nelpon nyang kantor pusat, Bu Sum mung aweh wangsulan, "Maaf ya Mas, aku

Aku kaya kena serangan jantung. Dhadhaku krasa seseg. Bu Sum si Randha Kempling digarwa dening Pak Sindu, bosku.

Dakothak-athik pikiranku: Jebul saploke Bu Sum dadi randha kempling Pak Sindu uga kagungan sir nggarwa Bu Sum. Dadi meneng-meneng tanpa daksadhari aku lan bosku sesaingan katresnan. Ya mesthi wae ing sakabehe aku keok. Rupa, aku mung pas-pasan. Bayar minangka jaminan masa depan keluarga, jelas ya ora ana emput-



"Piye Mas nek diaturke Mbakyu?" Jebul Bu Sum wis ngerti menawa Rian kuwi anakku.

lagi sibuk!"

Wangsulan kuwi nuwuhake kebak pitakonan ing atiku. Geneya? Ana apa ya kok tumanggape Bu Sum si Randha Kempling kuwi malik grembyang marang aku?

Let telung sasi aku oleh wangsulan. Dina Senen esuk, neng mejaku wis ana layang ulem. Sawise tak bukak plastike, kaya ana bledheg ing mangsa ketiga nyamber dhadhaku.

empute. Status, aku genah duwe anak bojo. Sedheng Pak Sindu bebas, sanajan panjenengane dhu-dha. Tekan ngomah, uleman mau sengaja dakglethekke neng meja cedhak pawon ben sisihanku cepet nemokke, njur maca.

Sorene neng kamar makan, sisihanku karo klecam-klecam sajak nyemoni aku. Kandhane, "Suk nek njagong aku dijak lho Mas!" \*

